ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫ МОЙНАҚ РАЙОНЛЫҚ КЕҢЕСИ

Ш Е Ш И М И

2017-жыл «31»-декабрь **137/26-05-санлы**

Мойнақ районында 2017-жылы жаңа жумыс орынларын шолкемлестириў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў Бағдарламасының орынланыўы ҳәм 2018-жылға жаңа жумыс орынларын шолкемлестириў параметр көрсеткишлериниң режеси ҳаққында

Мойнақ районында «Бәнтлик» Дәстүриниң 2017-жыл даўамында орынланыўы ҳәм 2018-жылға жаңа жумыс орынларын шөлкемлестириў параметр көрсеткишлериниң режеси ҳаққында районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы баслығы Ж.Абдимуратовтың мәлимлемесине тийкарланып, Халық депутатлары Мойнақ районлық Кеңесиниң

Ш Е Ш И М И:

1. Мойнақ районында 2017-жылы жаңа жумыс орынларын шөлкемлестириў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў Бағдарламасының орынланыўы ҳәм 2018-жылға жаңа жумыс орынларын шөлкемлестириў параметр көрсеткишлериниң режеси ҳаққында районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы директоры Ж.Абдимуратовтың есабаты тастыйықлансын.

2. Район ҳәкиминиң экономика ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери бойынша орынбасары (А.Ажиниязов) ҳәм районлық бәнтликке көмеклесиў орайы директоры (Ж.Абдимуратов):

2018-жылда жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў мақсетинде «Бәнтлик» бағдарламасы көрсеткишлериниң орынланыўын тәмийинлеў бойынша анық мақсетке бағдарланған ис-илажлар қабыл етиў ҳәм әмелге асырыў;

2018-жылда жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў бағдарламасының тийкарғы жөнелислери ҳәм параметрлериниң орынланыўын тәмийинлеў мәқсетинде аймақларда социаллық-экономикалық жақтан раўажландырыў, фермер хожалықларын раўажландырыў, ҳәрекетсиз турған кәрханалар жумысын қайта тиклеў, оларды техникалық жақтан модернизациялаў, сондай-ақ мәнзилли бағдарламалардың орынланыўы бойынша айқын илажларды көриў ҳәм ҳәр бир бәнти бойынша кестеге муўапық күнделикли қадағалаўды ҳәм мониторингин шолкемлестириў;

2018-жылда жаңа жумыс орынларын шөлемлестириў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеўде биринши гезекте кәсип-өнер колледжлери питкериўшилерине, шет еллерден қайтып келген мигрантларға ҳәм адам саўдасынан жәбир көрген пуқаралардың бәнтлигин тәмийинлеўге айрықша дыққат аўдарыў;

бағдарламаның орынланыўын системалы ҳәм турақлы түрде мониторинг қылынып барылыўын тәмийинлеў мәқсетинде салық, статистика, бәнтликке көмеклесиў орайы менен биргеликте бирден-бир мағлыўмат базасын шөлкемлестириў илажларын көриў ҳәм қадағалаўға алынып, ҳәр бир аймақ ҳәм тараўлар бойынша орынланыўы туўралы район ҳәкимине мағлыўмат берип барыў тапсырылсын.

3. Район ҳәкимлигинде 2018-жылда жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў бағдарламасының орынланыўын ҳәптеде бир мәртебе көрип шығылсын ҳәмде орын алған кемшиликлерди сапластырыў бойынша қатаң илажлар көрилсин.

4. Районда 2018-жылда жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў бағдарламасын әмелге асырыў бойынша районлық исши топар қурамы 1-қосымшаға;

«2018-жылда жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў дәстүри» туўрысындағы тийкарғы параметри көрсеткишлери 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

5. Халық депутатлары Мойнақ районлық Кеңеси депутатлары ҳәм турақлы комиссиялары баслықларына:

оз жумысларын шөлкемлестириўде, районда жаңа жумыс орынларын жаратыў бағдарламасын ислеп шығыў, оның қадағалаўын ҳәм мониторингин әмелге асырыўшы районлық жумысшы топардың аймақта жаңа жумыс орынларына болған талапты ҳәм имканиятларды анықлаў, жумыс орынлар ушын мәнзилли дизимлерин қәлиплестириў, олардың қаржы дереклерин анықлаў бойынша алып барылған жумысларын системалы түрде көрип шығыў;

өз округлеринде халықтың абаданшылығын асырыў, санаат, хызмет көрсетиў ҳәм сервис, аўыл хожалығы тараўын, үй мийнетин, дийханшылықты, шарўашылықты ҳәм кусшылықты раўажландырыў арқалы жаңа жумыс орынларын шөлкемлестириўге қаратсын.

6. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў районлық Кеңестиң турақлы комиссияларына, район ҳәкиминиң орынбасарлары (А.Ажиниязов, Т.Мамбетмуратов, Б.Менглибеков, З.Утегенова)на ҳәм районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы директоры (Ж.Абдимуратов)на жүкленсин.

7. Районлық «Арал балықшысы» газетасы редакторы (З.Қалжанова) усы шешимниң газетада жәрияланыўы тәмийинленсин.

8. Усы шешим қабыл етилген күннен баслап күшке киреди.

Сессия басқарыўшысы: Халық депутатлары Мойнақ районлық Кеңеси баслығы С.Данияров

Халық депутатлары Мойнақ районлық Кеңесиниң 2017-жыл 31-декабрьдеги **137/26-05**-санлы шешимине 1-қосымша

2018-жылда жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў бағдарламасын әмелге асырыў бойынша районлық Исши топар

Қ У Р А М Ы

№	Ф.А.Ә.а	Лаўазымы
1	С.Данияров	Район ҳәкими, исши топар баслығы
2	А.Ажиниязов	Район ҳәкиминиң экономика ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери бойынша орынбасары, исши топар баслығының орынбасары
3	Ж.Абдимуратов	Районлық бәнтликке көмеклесиў ҳәм халықты социаллық қорғаў орайы директоры, исши топардың хаткери
Исши топар ағзалары		
4	Т.Мамбетмуратов	Район ҳәкиминиң орынбасары
	Б.Менглибеков	Район ҳәкиминиң орынбасары
5	З.Утегенова	Район ҳәкиминиң орынбасары, районлық ҳаял-қызлар комитети баслығы
6	К.Қазақбаев	Район ҳәкиминиң аўыл ҳәм суў хожалығы болими баслығы
7	Ж.Алламбергенов	Районлық «Бир айна» орайы баслығы
8	А.Қурбаниязов	АКБ «Агробанк» районлық болими басқарыўшысы
9	Г.Низаматдинова	«Халық банк» районлық бөлими басқарыўшысы
10	С.Артиков	Районлық мәмлекетлик салық инспекциясы баслығы
11	Б.Хожалепесов	Районлық Статистика болими баслығы
12	Лаўазымы бойынша	МПЖ, АПЖ ақсақаллары

Халық депутатлары Мойнақ районлық Кеңесиниң 2017-жыл 31-декабрьдеги **137/26-05**-санлы шешими 2-қосымша

«2018-жылда жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў дәстүри» туўрысындағы тийкарғы параметри көрсеткишлери

Санаат тараўын раўажландырыў ҳәм кеңейтиў есабынан	191 орын
Хызмет көрсетиў тараўын раўажландырыў есабынан	27 орын
Аўыл хожалық тараўын раўажландырыў есабынан	25 орын
Қурылыс тараўын раўажландырыў есабынан	117 орын
«Жол картасы»на киритилген кем қуўатлы кәрханаларды инвестиция киритиў есабынан	23 орын
Жеке тәртиптеги исбилерменликти раўажландырыў есабынан	9 орын
Өнерментшилик есабынан	44 орын
Жәми:	**436** орын